

# BATAY KONT MALADI NOUVO KOWONAVIRIS ( COVID-19 )



ABA MALADI NOUVO KOWONAVIRIS ! ABA, ABA!

SOUCH!!!

Devan kay yon mesye ki gen maladi Nouvo Kowonaviris, yon gwoup jèn gason ap voye wòch.

Wil

Wil N ap asire nou ke ou p ap vin bay moun maladi nan katye a!

N ap asire nou ke ou pa janm pran lari ankò!

Mesye yo tèlman fache ke yo pa wè nan mitan yo gen moun ki pa mete mask.

RAISING HAITI FOUNDATION

alyans ti plantè

Santè

USAID FROM THE AMERICAN PEOPLE

Yo vle touye papa m paske li gen maladi Nouvo Kowonaviris.

Non, yo pa gen okenn dwa atake yon moun paske li malad.

Se yon sèl papa a mwen genyen... M pa vle li mouri.

Tanama t ap pase nan zòn lan, li vin jwenn pitit mesye ki malad la k ap kriye nan lari a.

N AP SOVE KATYE NOU ... PEYI NOU !

Mesye mwen santi nou an kòlè! Gen anpil move enfòmasyon k ap sikile sou maladi Nouvo Kowonaviris e k ap simen laperèz ...

Ti cheri, pa kriye. Mesye yo pè, nou tout pè. Gen anpil bagay ke yo bezwen konprann.

Tankou kisa?

Tout moun nan popilasyon an ka trape maladi a. Sa ki pi enpòtan se pran prekosyon epi respekte prensip yo!

Mesye, se vre wi, nou tout ka pran!

Non, vyolans p ap rezoud pwoblèm maladi sa a. Anpil moun gen maladi Nouvo Kowonaviris san yo pa oblije malad ni mouri alòs ke yo ka bay lòt moun li. Lè yon moun santi siy ak sentòm yo, kouri fè tèlès avan sa vin pi grav.

Tanama al pale ak mesye yo.

Piti... ni ou ni papa w pa bezwen pè. Nou tout se Ayisyen, se nan tèt ansanm sèlman n ap ka konbat lenmi sa a ki se maladi Nouvo Kowonaviris!

Tanama disparèt, li ale. Li kontan pou li wè ke Ayisyen kapab antann yo.

Desen THOM ZOLL